# АллахIца вай лело деза гIиллакхаш

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу АллахIна, Цунна хастам бо вай, Цуьнгара гIо а лоху вай, Цуьнга гечдар а доьху вай. АллахIца вайн догIмийн вуочу гIиллакхех, вай еш йолчу вуочу Iамалех а ларло вай. АллахIа ша нисвинарг тило да ма вац, Цо тилийнарг нисван да ма вац. Ас тоьшалла до, АллахI воцург, кхин дела вац аьлла; Ша Цхьаъ ву Иза, Шеца накъост а воцуш. Ас юха а тоьшалла до, Мухьаммад - Цуьнан лай а, Цуьнан Элча а ву аьлла.

## ХIай бусалба вежарий!

Дала сан аьтто бира, шена чохь АллахIца лело деза гIиллакхаш дуьйцуш долу хIара жайна яздарехь. Ша кхоьллина Эла вовзаро, везаро а, кхера ма-веззара Цунах кхераро а, Цунах тешаро а адамийн дегнаш а, гIиллакхаш а нисдо. Цунах доьзна ду бусалба юкъараллин а, дерриг умматан а дахар ирсе хилар.

### 1) КIорггера Делах тешар, билла ма-беззара Цуьнга болх биллар

Баккъалла а, Исламо уггар хьалха бусалба стагера лохург – и стаг теша ма-веззара Делах тешаш, Цуьнца йолу юкъаметтиг чIогIа йолуш а, даима Дела хьехош а, Цуьнга болх буьллуш а, Цуьнга гIо доьхуш а (ша бахьанаш лелорца цхьаьна) хилар ду. Шен даг чохь тешна хила веза иза (ша мел чIогIа ницкъ тIебахийтарх а я бахьанаш лелорх а), Делан ницкъе, Цо чIагIваре, Цо гIодаре ша хьашт волуш хиларх. Амма бакъволу, бакълуьйш а, шен даге само йойтуш а, шен кIорггера кхетам болуш а волу бусалба стаг – Дала говза кхоьллинчу Iаламна шен дог-ойла тIеяхийтина а, ша догтешна а ву, Iаламан белхашна терго яр, нехан гIуллакхе хьажар а Делехь хиларх. Оцу тIера схьа ду, цунна даима Дела дагахь хилар, дахаран а, Iаламан а массо агIонашкахь шен барам а боцуш болу Делан ницкъ цунна гар а; тIаккха иза соввολу Делах тешарехь а, Иза хьехорехь а, Цуьнга болх билларехь а. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, стигланаш а, латта а кхолларехь, буьйса-де хийцадаларехь билгалонаш ма ю хьекъалан дайшна».** *«Алу Iимран», 190.*

**2) Шен Делан омранна муьтIахь хилар**

Керла хIума дац, бакъволу бусалба стаг – иза Далла (Цуьнан массо а омранашкахь) муьтIахь верг хилар, ша Цунах кхоьруш а, Цо тоьхначу дозанашкахь сецна а, Цуьнан омра кхочушдеш а волуш (шен дегIан лаамна дуьхьал иза делахь а), Цуьнан нийсо тIелоцуш а волуш (шена дезачу хIуманна дуьхьал иза делахь а). Бусалба стеган ийман чIагIдо хIара нийсо тIелацаро, Делан а, Элчанан а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омранашна муьтIахь хиларо, массо а боккхачу, жимачу а балха тIехь царах къеххкар а, ларвалар а я хIумма а юкъарадаккхар а доцуш. Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьа а** (кхоччуш) **ийман диллина ма вац, цуьнан шен лаам аса деана долчунна тIаьхьабозуш хилча а бен».**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьан Делах дуй буу Аса, уьш** (кхоччуш) **ийман диллина ма бац, шайна юкъадоьжна долчу хIуманехь цара хьох хьукманча валлац, тIаккха ахь динчу хьукманехь царна гатто ца хуьлуш,** (хьан кхелана) **уьш кхоччуш муьтIахь хиллалц а».** *«Ан-Нисаъ», 65.*

Баккъалла а, иза ду Делан а, Цуьнан Элчанан а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омранашна кхоччуш кIелвахар, Цаьршинна хила ма-везза муьтIахь хилар. Амма и шиъ кхочуш ца хилча, дуьззина ца хуьлу стеган ийман я дин а. Кхузара схьа ду-кх бакъволчу бусалба стеган дахарехь Делан нийсонах, Цуьнан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омранех а вухавийла ца магор (башхалла яц, и вухавийлар бусалба стеган шеца хиларх, я шен Iуналлин кIелахь болчаьрца, я шегахь церан жоьпалла а, куьйгалла дар а долчу кхечу агIонашца дозаделла хиларх).

**3) Шен Iуналлина кIелахь болчарах ша жоьпалле вуй хууш хилар**

Иза ду, оцу бусалба стеган Iуналлин кIелахь болчарна цхьа хIума тIеIоттаделча, цо царах жоп дала дезаш хилар, Делан, Цуьнан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) агIонхьара хIума дайдар, тIалам ца бар я аттахетар а доцуш. Iумаран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шух хIора а Iу ву, хIораммо а жоп дала дезар ду шен Iуналлех».** *Бухари, Муслим.*

ХIара ду-кх, шен доьзалх цхьаммо и хIуманаш тIалам боцуш дитча (ша цу тIехь собаре а ца хуьлуш), бакъволчу бусалба стагана, цо са а гатдеш, хаалуш

долу жоьпалла. Ишттачо сихо йо шен доьзалхо нисварехь, цуьнан тӀаьхье шена хала елахь а. ХӀокху жоьпаллех вуха ца кхета, цунах вухаваьлла Ӏан собаре ца хуьлу – ийман ледара долуш верг, дин кӀезиг долуш верг а бен.

## 4) Делан кхелана а, Цо яздинчунна а реза хилар

Хила ма-веззара волу бусалба стаг даима реза хуьлу Делан кхелана, Цо яздинчунна, шен дог-ойла Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисана тӀеяхийтарца. Синанан кӀанта СухӀайба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Тамашийна бу-кх муъмин стеган болх! Баккъалла а, цуьнан болх берриге цунна дика бу-кх. Иза цхьанненна а дац, муъмин стаг воцчунна. Шена хазахетар хилча шукра до цо, тӀаккха иза цунна дика хуьлу; шега сингаттам кхаьчча, собаре хуьлу иза, тӀаккха иза цунна дика хуьлу».** *Муслим.*

Иза – хила ма-веззара волу бусалба стаг кӀорггера Делан кхелах а, Цо яздинчух а тешар – ийманах цхьа дакъа ду аьлла тешна хилар ду. Иштта, шена дуьнен чохь тӀедеъанарг шена тӀехдала йиш йолуш цахиларх и тешна хилар а ду, хӀунда аьлча иза цунна яздина ду, цунах хьалхавала шен ницкъ а боцуш. Иштта, и тешна хилар ду, ша Делан кхелана, Цо яздинчунна реза хиларо, шена Делера боккха мела бохьуш хилар, Дала Шена гергахь, иза Шена муьтӀахь а болуш, декъалхиллачу муъмин нахах дӀаязвеш хилар а. Цундела ду бусалба стагана шена тӀедеанарг дика; шена дика болх хилча а и ца соцу шена рицкъа луш Волчу, Ша комаьрша волчу АллахӀна хастам бечуьра. Иштта шена цхьа вуон болх хилча, Делан омранна муьтӀахь а хуьлий, собаре хуьлу иза, и реза хуьлу Делан кхелана, тӀаккха и ший а болх цунна дика хуьлу.

## 5) Шех йийлинчу ледарлонашна дохковолуш а, Деле гечдар доьхуш а, тоба деш а хилар

Бусалба стеган са гӀопал хиларо дӀалоцу, тӀаккха цуьнан ког шерша я ледарло йолу цуьнгара, - Делах кхоьруш, Далла муьтӀахь а волуш, хьекъалечу бусалба стагера яла йиш йоцуш йолу. Бакъду, дукха хан ялале, и кхета а кхетий, меттавогӀу, шегара ледарлонаш юьту цо, шегара даьллачунна гечдар доьху цо; тӀаккха и шен Делан Ӏуналлина кӀел воьду, муьтӀахь волуш, дохковаьлла а волуш, Деле шена гечдар а доьхуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Делах кхоьруш берш, шаьш шайтӀанан балано схьалаьцча, царна дагадогӀу** (Делан таӀзар, Цуьнан мела а)**, тӀаккха уьш** (нийса некъ) **гуш а хуьлу»**. *«Аль-АӀраф», 201.*

ГІопал хиларо дІалоцур ма вац, шен дог Делах кхера а кхоьруш, ша Дела везаш верг. Амма гІопал хиларо дІалоцу, Делан нийсонах, Цуьнан омранах дІавирзина верг. Ткъа баккъалла бусалба волчу стеган дог даима а дІадиллина ду Деле тоба дарехь, Цуьнга гечдар дехарехь а, Цуьнга верзарехь а.

### 6) Шен дог-ойла Дела резавар йолуш хилар

Хила ма-веззара волу бусалба стаг хуьлу шен массо белхашкахь Делера ял лохуш. Цуьнан дог-ойла – массо а боккхучу когехь, ечу Іамалехь а Дела резавар лоьхуш хуьлу, нах резабан гІертар а доцуш. Бакъду, цхьайолчу хенахь нах оьгІазбахийтар нисло цуьнан Дела резаваран новкъахь. Оцу тІехь иза нийса хиларна тІе нисво Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисо. Іаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шена нах оьгІазбахаре ца хьоьжуш, Дела резавар лехнарг – Дала иза ларвийр ву нехан вуонах; ткъа, Дела оьгІазвахаре ца хьоьжуш, нах резабар лехнарг – Дала и вуьтур ву оцу нахах тешна».** *Тирмизи.*

Оцу балхе хьаьжча, стага шен Іамалш узу Веза-Сийлахь Дела резаваран терзана тІехь. Нагахь ша юьхьарлаьцнарг Дела реза волчу агІор терзана тІехь язлахь, и къобал а дой, оцу тІехь собаре хуьлу иза, амма вуон узу терза дазлахь, цунах вухаволу иза. Цундела хуьлу бусалба стеган терза нийса. Цунна хьалха дІахІутту цуьнан даго къобалбеш болу нийса некъ. Цуьнгара ца дуьйлу нах кхаьрда ледара хІуманаш, масала: цхьадолчуьнгахь - Далла муьтІахь а хуьлуш, кхечу хІуманна тІехь - Далла Іеса а хуьлуш, я - цхьана заманахь шена хІума хьанал а деш, кхечу заманахь изза шена хьарам а деш.

Стага юьхьарлаьцна некъ билггала а, нийса а хилча, цо шен Іамалш узуш а хилча, цуьнгара динца догІуш доцу хІуманаш ца дуьйлу. Баккъалла а, хьуна цхьаболу нах го маьждигехь Далла хьастабаларца ламазаш деш, юха цул тІаьхьа хьуна уьш го базарахь риба яккхарца белхаш беш, я шайн цІахь я урамехь (я ишколехь, я пхоьгІанехь) шайн догІмашна я доьзалшна, я хІусамнаношна, я шаьш доладечарна а тІехь Делан шарІ кхоччуш ца лелош. И саннарг лелочеран хьекъалшкахь а, и шаьш лелош дерг динехь нийса хетарехь а кхетамбацар а, тилабалар а ду. И иштта дацахьара, цо лелочо и стаг вуьгур вара доккхачу бакъдолчунна тІе, иза ду – Веза-Сийлахь Волу АллахІ реза хилар, цул тІаьхьа цо шен Іамалш Дела реза хиларан терзана тІехь оза а узуш. Оцунах хаьа вайна, и шариІат кхоччуш ца лелочаьргахь цу Исламах дисинарг цуьнан цІе бен ца хилар. Баккъалла а, стага и санна шалхо лелор хІокху заманахь бусалба нах шеца зуьйш долчу уггар кхерамечех хІума ду.

**7) Шена тIедехкина фарзаш а, динан баххаш а, Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **суннаташ а кхочушдеш хилар**

Бакъволчу бусалба стага кхоччуш лeладо Исламан фарзаш а, цуьнан баххаш а, уьш лелорехь ледарло яр а, церан болх кIезиг хетар а я тIалам ца бар а доцуш.

**8) Шена тIедиллина фарз пхи ламаз хIоттош хилар**

Бусалба стага шен пхи фарз ламаз хIоттадо шен хенашкахь, хIунда аьлча и ламаз динан бIогIам болу дела. Ламаз кхочушдеш волчо шен дин кхочушди, амма ламаз дитинчо шен дин дохий. Ламаз уггар езчу а, сийлахьчу а Iамалех ду; иза иштта хилар билгалдина Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен хьадисехь. МасIудан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ша хьаьттира, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу АллахIна дукхаезаш ерг муьлха Iамал ю?»** Цо жоп делира: **«Шен хеннахь дина ламаз ду».** Ас хьаьттира: **«ТIаккха муьлха ю?»** Цо жоп делира: **«Дена-нанна дика хилар ду».** Ас хьаьттира: **«ТIаккха муьлха ю?»** Цо жоп делира: **«Делан новкъахь къахьегар ду».** *Бухари, Муслим.*

Иза иштта ду, ламаз Далла а, Цуьнан лена а юккъехь йолу зIе йолу дела: цунах адам хоттаделча, шен дуьненан балхах и дIахедаш, шен массо а ойланца Далла тIе а доьрзуш. Ламазехь адамо АллахIе доьху ша тиларх ларвар, шена гIо дар а, ша нийсачу некъахь сацавар а. Цундела цецвала хIума дац, ламаз уггаре езчу а, сийлахьчу а Iамалех хилар, хIунда аьлча иза хих дуьзна цIена шовда санна ду, и мелча бусалба стаг Делах кхерарехь совволуш; хIунда аьлча и ламаз цIена татол ду, шена чохь лийчинарг къинойх цIанвеш. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аша суна дийца, шух цхьаьннан неIара хьалхахула охьадогIуш цхьа татол хилча, иза массо а дийнахь пхоьазза цу чохь лийча а луьйчуш, цу стеган моданах хIумма а юьсур ярий?»** Цара элира: **«Цуьнан моданах хIумма а юьсур яцара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Иза ду-кх, АллахIа шаьш бахьана долуш къинош дIадохучу пхеа фарз ламазан масал».** *Бухари, Муслим.*

Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Пхеа ламазан кица – шух цхьаннан неIара хьалхахула лелачу цIеначу татолан кицанах тера ду, дийнахь пхоьазза иза цу чохь луьйчуш».** *Муслим.*

Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Цхьана стага Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира ша цхьана зудчунна барт беллера, аьлла. ТIаккха Веза-Сийлахьчу АллахIа доссийра: **«Ламаз хIоттаделахь дийнан йистонашкахь а** (Iуьйранна а, делкъана а, малх бузучу хенахь а), **буьйсанна гергахь а** (маьркIажа, пхьуьйра), **баккъалла а, диканаша вуонаш дIадоху».** ТIаккха оцу стага хаьттира: **«Къаьсттина суна ду иза?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дерриге сан умматна ду».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олура, аьлла: **«Пхи ламаз а, рузба а – вукху рузбане кхаччалц, мархин бутт а – вукху мархин батте кхаччалц, царна юккъехь дина долу къинош дIадойуш ду, даккхийчу къинойх ларвелчахьана».** *Муслим.*

Iусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац, фарз ламазан хан йоьлча ша эца ма-деззара ламаз а эцна, цул тIаьхьа дан ма-деззара ламаз дина волу, - цул хьалха цо летийна къинош дIадохуш а бен, даккхийчу къинойх и ларвеллехь. Иза массо а заманахь ду».** *Муслим.*

Ламазан дозалла а, цуьнан коьрта хилар а, и дар бусалба нахана дика хилар а билгалдеш дуккха хьадисаш, дийцарш а ду, шаьш дерриге вайн жайни тIе тарлур доцуш.

**9) Маьждигехь жамIат ламаз лардеш хилар**

Делах кхоьруш волу бусалба стаг сутара хуьлу шен ницкъ кхочучу барамехь маьждигехь жамIат лардарна тIехь. Iумаран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ЖамIатехь дина долу ламаз ша хIоьттина динчу ламазал ткъе ворхI даржехь деза ду».** *Бухари, Муслим.*

Кхечу хьадисехь Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шен цIахь ламаз а эцна, цул тIаьхьа АллахIан хIусамех цхьана цIа чу ваханарг милла велахь а, АллахIан фарзах цхьа фарз кхочушдан, цо цига воьдуш баьхна когаш хир бу, цхьаьнца - вуон дIадоккхуш, вукхуьнца - даржехь ойбуш».** *Муслим.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхаъ бaьккхина, жамIат лардеш волчу стагана ялсамани хир ю, цо маьждиге воьдуш а, цигара цIа вогIуш мел боккхучу кого иза цунна герга а вуьгуш, аьлла. Цундела Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабаш сутара хилла жамIатехь ламаз дарна тIехь. Оцу хьокъехь МасIудан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) боху: **«Ша бусалба а волуш, эхартахь Веза-Сийлахьчу Далла дуьхьалкхета луучо хIара пхи ламаз лардойла, молла кхойкху хан тергал а еш. Баккъалла а, шун Пайхамарна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **Дала билгалдина нийсонан некъаш, и ламазаш – нийсачу некъах цхьа дакъа ду. Шу шайн хIусамашкахь ламазаш деш Iаш делахь, маьждиге ца вогIуш шен хIусамехь ламаз деш Iаш верг санна, аш шайн Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **суннат кIелдуьту. Аш шайн Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **суннат дитча, шу тилалур ду. Баккъалла а, тхуна хаийтина, оцу ламазе ца воьдуш Iийр ма вац билггала мунепакъ воцург. Баккъалла а, жамIат ламазе стаг валавора, шина стагана тIе а тийжаш** (заьIап иза хиларна)**, могIарехь иза нисваллалц».** *Муслим.*

Маьждигехь жамIатехь ламаз дарехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) йина ойла кхаьчна, бехказло а йоцуш жамIат дитинчеран цIенош дагадаре. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Iуьйра ламазал, пхьуьйра ламазал а мунепакъ нахана хала долуш цхьа а ламаз ма дац. Оцу шина ламазехь дерг** (цу шиннан дозалла) **царна хиъча, оцу шина ламазе** (жамIатехь дан) **гIур ма бара уьш, текхаш бахана а. Суна дагадеара, моллалла кхойкхуш волчуьнга къамат де аьлла, цул тIаьхьа кхечуьнга нахана имамалла де, аьлла, омра дан, тIаккха цIеран алу схьа а эцна, ламазе ца баьхкинчарна цIейилла».** *Бухари, Муслим.*

Цецвала хIума дац, цул тIаьхьа Мусаййибан кIантана СаIидна ткъе итт шарахь маьждига чохь цхьаннен букъ гина бац, хIунда аьлча молла кхайкхале хьалха хьалхарчу могIаре охьахууш хилла иза. Бусалба нехан дахарехь СаIид саннарш дуккха хилла.

Сийдолчу Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) нийсачу некъах ду, маьждигна генахь Iаш болчу асхьабашка, маьждигна улло кхелхина богIучул, генара ламазе бахкар гIоли ду, цо алар. Абу Мусас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ламаз дарехь нахах ял алсам ерш – маьждиге бахарехь царах гена берш бу, церачул а алсам ерш – царал генарнаш бу. Имамаца**

**цхьаьна ламаз дархьама ладоьгӀуш Ӏийнарг йолехь сов ву, ша ламаз дина, цул тӀаьхьа дӀавуьжуш волчул».** *Бухари, Муслим.*

Ӏуьйра а, пхьуьйра а ламазе дахаран дозалла дуьйцуш дуккха хьадисаш даьхкина. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) оцу хьадисашкахь билгалдина, оцу шина ламазе баьхкинчарна йоккха ял, сийлалла а хилар. Ӏаффанан кӀанта Ӏусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Пхьуьйра ламаз жамӀатехь динарг – ахбуьйса ламазехь яьккхинчух терра ву. Ӏуьйра ламаз жамӀатехь динарг – ерриг буьйса ламаздеш яьккхинчух терра ву».** *Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ӏуьйра ламазал, пхьуьйра ламазал а мунепакъ нахана хала долуш цхьа а ламаз ма дац. Оцу шина ламазехь дерг** (цу шиннан дозалла) **царна хиъча, оцу шина ламазе** (жамӀатехь дан) **гӀур ма бара уьш, текхаш бахана а».** *Бухари, Муслим.*

**10) Фарз ламазал хьалхара, тӀаьхьара суннат ламазаш а, кхидолу суннат ламазаш а лардеш хилар**

Делах кхоьруш, эхартахь ша декъал хиларна тӀехь сутара волчу бусалба стага суннат ламазаш буха ца дуьту. Цо шен ницкъ кхочучу барамехь суннат ламазаш до, тӀаккха цуьнан дегӀ марзло буьйсанна юккъехь, де долалуш, чекхдолуш а и ламазаш дан. Ткъа суннат ламазаш дукха даро лай шен Далла герга вуьгу, Дала, и Шена везар бахьанехь, даржехь совводкху и, цунна реза а хуьлу. Баккъалла а, иза деза-доккха дарж ду, Далла дукхадезначу адаме кхочуш долу, Дала шена боккха ницкъ луш долу. ТӀаккха цуьнан хазар Ӏалашдеш хуьлу Дела, цуьнан сагар Ӏалашдеш хуьлу Иза. Цуьнан куьг Ӏалашдеш хуьлу Дела, - цуо ша кховдош долу, цуьнан ког Ӏалашбеш хуьлу Иза. Оцунна тоьшалла деш ду Къудусин хьадис. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахӀа аьлла: «Сан велина новкъарло йиначунна дуьхьал тӀом дӀахьебо Аса; Сан лай Аса шена фарз дина долчу хӀуманца Суна гергаварал Суна дукхадезаш цхьа хӀума а ма дац. Ишта Сан лай суннат Ӏамалшца Суна гергавогӀуш ма льтта, ша Суна дукхавеззалц. Ткъа Суна иза дукхавезча, цуьнан лергийн хазар лардеш хуьлу Со, цуьнан бӀаьрса а лардеш хуьлу Со, цо кховдош долу куьг а лардеш хуьлу Со, цо боккху ког а ларбеш хуьлу Со; цо Сайга дехча, цунна лур долуш ма ву Со; цо Соьга ша Ӏалашвар дехахь, иза Ӏалашвийр волуш а ма ву Со».** *Бухари.*

АллахIна Шен лай дукхавезча, стиглахь а, лаьтта тIехь а болчу охIланашна а дукхавеза иза. И бакъдеш Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис ду, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахIа Шена цхьа лай везавелча, Жабраил-малике олу: «Баккъалла а, Суна хьенех везавелла, хьуна а иза везийла», тIаккха Жабраилна дукхавезало иза. Цул тIаьхьа стиглахь кхайкхам беш, цо** (Жабраила) **олу: «Баккъалла а, АллахIна хьенех везавелла, шуна а иза везийла, тIаккха стиглан охIланна дукхавезало иза. Цул тIаьхьа лаьттан охIланна дукхавезало иза. Ткъа Шена цхьа лай ца везавелча, Жабраил-малике Цо** (Дала) **олу: «Баккъалла а, Суна хьенех ца везавелла, хьо а хила иза ца везаш, тIаккха Жабраил иза ца везаш хуьлу. Цул тIаьхьа стиглан охIлане кхайкхам беш, цо олу: «Баккъалла а, АллахIна хьенех ца везавелла, шу а хила иза ца везаш, тIаккха стиглан охIланна ца везало иза. Цул тIаьхьа лаьттан охIланна ца везало иза».** *Муслим.*

Цундела хилла Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), буса гIоттий, шен когийн кIажаш эттIалц ламазаш деш. Ткъа бусалба нехан нана йолчу Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) шега аьлча: **«ХIай Делан Элча, хIара хIунда до ахь, баккъалла а, хьалха дIаяханчу а, тIаьхьа тIейогIучу а хенахь къинойх Дала ларвина ма ву хьо?»,** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цунна жоп делла-кх: **«Ткъа Делан ниIматашна шукра деш лай хила ца веза со?!»** *Бухари, Муслим.*

**11) Шен даьхнина тIера закат луш хилар**

Дика бусалба стаг закат дIалуш хуьлу, шен даьхни закатан бараме кхаьчнехь. Цо Делах кхерарца, тешамца а шена тIедиллина хIара фарз кхочушдо, Дала билгалбинчарна и закат дIадаларца. Закат – иза даьхница доьзна долу фарз а, Iибадат а ду, бакъволчу бусалба стага, шариIато билгал ма-дарра, и даларна тIехь ледарло а ца еш. Оцу тIехь ледарло ма ца йо, шен динехь кхетам боцуш, шен са аьрта долуш, шен гIиллакхаш доьхна долуш волчо бен. Абу Бакар Сыддикъа (Дела реза хуьлийла цунна) закат далар динах дIакъасто гIоьртинчеран хьокъехь аьлла дош бусалба наха диццина ма дац; цо аьллера: **«АллахIах дуй буу ас, ламаз а, закат а вовшахдаккха гIоьртинчу нахана дуьхьал тIом ца беш Iийр вац со».**

ХIара бу-кх, кIорггера кхетам болчу Абу Бакара (Дела реза хуьлийла цунна) биьна дуй – ламаз, закат вовшашца доьзна а, вовшех къасто мегар доцуш хилар а, хIара дин кхоччуш хилар а гойтуш. И билгалдеш, Сийдолчу Къуръанан аяташ даьхкина тIаьхье-хьалхе, ламаз а, закат а цхьаьний хьахош. Веза-

Сийлахьчу Дала боху: **«Шаьш ламаз хIоттош а, закат луш а болу».** *«Аль-Маидат», 55.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ламаз хIоттаде аш, закат а ло аш».** *«Аль-Бакъарат», 43.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шаьш ийман а диллина, дика Iамалш йинарш, ламаз хIоттош, закат а луш».** *«Аль-Бакъарат», 277.*

**12) Мархин бутт а кхобуш, цуьнан буьйсанаш денъеш хилар**

Бакъволчу, само ечу бусалба стага мархин бутт кхобу, иза фарз хиларх теша а тешаш, Делера ял хиларе са а туьйсуш. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рамадан баттахь, иза фарз хиларх теша а тешаш, шена Делера ял хиларе дог а дохуш марханаш кхаьбначунна гечдийр ду цуьнан дIадаханчу къиношна».** *Бухари, Муслим.*

Шена тIедиллинчу мархин хьакъ девза ишттачунна, марха дохочу я цуьнан ял эшочу хIуманах шен мотт а, бIаьрса а, меженаш а ларйо цо. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Марха кхобучо оьзда доцу къамелаш ма дойла, мохь ма хьоькхийла, цхьамма шена вуон дош алахь я дов хьедахь, цо олийла собарца: «Баккъалла, марха ду-кх сан».** *Бухари.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Харц дерг дийцар, цуьнца Iамал яр а Iад ца дуьтуш волчо даар а, малар а Iаддитар оьшуш вац АллахI».** *Бухари.*

Марха долчу бусалба стеган даг чохь хуьлу, ша вехаш болу бутт кхиболчу беттанех тера цахилар. Баккъалла а, иза мархин бутт бу, ткъа марха АллахIна ду, цунна бекхам бийр берг а Иза ву. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Адаман берийн массо Iамал мелехь совйоккхуш ю, цхьана диканна дуьхьал итт дика ду, ворхI бIе декъе кхаччалц. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «…марха доцург; баккъалла а, иза Суна ду, Ас цунна дуьхьал бекхам бийр бу. Сан дуьхьа шен дегIан лаам, яахIума а юьту цо. Марха кхобуш волчунна шиъ воккхавевар ду: ша марха достучу хенахь воккхавер а, ша-шен Далла дуьхьалкхетча воккхавер а. Баккъалла а, марха долчун багара йогIу хьожа Далла гергахь дика ма ю, мискан хьожанал а».** *Бухари, Муслим.*

Цундела, само ечу бусалба стагана важиб ду, оцу беркатечу баттах пайдаэцар а, дикачу Iамалшца и бузар а. Оцу беттан де марха кхобуш, ламаз деш, Къуръан доьшуш, сагIа луш, и санна долу диканаш деш даккха деза, буьйса тахIажжуд ламаз деш, доIа деш денъян еза. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рамадан баттахь, иза фарз хиларх теша а тешаш, шена Делера ял хиларе дог а дохуш буьйса денийинчунна гечдийр ду цуьнан дIадаханчу къиношна».** *Бухари, Муслим.*

Баккъалла а, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дика Iамалш алсам йора мархин баттахь, къаьсттина - тIаьхьарчу итт дийнахь. Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **мархин баттахь къахьоьгура, кхийолчу хенахь къахьоьгучул алсам, ткъа цуьнан тIаьххьарчу итт дийнахь - кхидолчу деношкахьчул алсам къахьоьгура цо».** *Муслим.*

Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **мархин беттан тIаьххьара итт де дисча, буьйса денйора** (Iибадат дарца)**, шен доьзал самабоккхура, къахьоьгура, шен гIодаюкъ а къовлура».** *Бухари, Муслим.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омра дора, Лайлатуль-Къодри олу буьйса ларъе бохуш, и буьйса Iамалъеш яккхаре безам бохуьйтура цо. Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Лайлатуль-Къодри буьйса аш лаха** (ларъе) **- мархин беттан тIаьххьарчу итт буьйсанна».** *Бухари.*

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) иштта аьлла: **«Лайлатуль-Къодри олу буьйса ларъе аш, мархин беттан тIаьхьара, шалза йолчу** (нечётный) **итт буьйсана чохь».** *Бухари.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рамадан баттахь, иза фарз хиларх теша а тешаш, шена Делера ял хиларе дог а дохуш Лайлатуль-Къодри буьйса** (Iибадат дарца) **денийинчунна гечдийр ду цуьнан дIадаханчу къиношна».** *Бухари, Муслим.*

Делах кхоьруш а, шен дин девзаш а волу бусалба стаг, таравихь ламазаш дина цIа а вогIий, дIатевжа, хIунда аьлча дукха хан ялале тахIажжуд ламазна а, Iуьйкъана яахIума яа а – цул тIаьхьа Iуьйра ламаз маьждигехь а деш, ша гIатта веза дела. Баккъалла а, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

омра дина марха лоцуш волчуьнга, Іуьйкъанна яахІума яа аьлла, цуьнца доккха дика долу дела. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Іуьйкъанна хІума яа аш, баккъалла а, цуьнца шуна беркат ду».** *Бухари, Муслим.*

**13) Суннат марханаш кхобуш хилар**

Делах кхоьруш а, самоеш а волу бусалба стаг, мархин бутт дІабаьллачул тІаьхьа а, суннат марха ца кхобуш ца Іа, Іарафат дийнахь я Іашураъ, я тасуІаъ дийнахь марха кхабар санна. Оцу деношкахь (мухьаррам беттан 9-гІа а, 10-гІа а денош ду уьш) марханаш кхабар уггар езачех Іамал ю, къинойх стаг цІанвеш а йолу, цунах лаьцна вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен хьадисехь билгал ма-дарра. Абу Къатадата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Іарафат дийнахь марха кхабарх лаьцна хаьттира, аьлла. Цо жоп делира: **«ДІадаханчу, тІедогІучу а шеран** (кегий) **къинош дІадоху цо».** *Муслим.*

Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Делан Элча Іашураъ дийнахь марха кхобуш вара, оцу дийнахь и кхаба аьлла омра деш а вара».** Абу Къатадата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Іашураъ дийнахь марха кхабарх лаьцна хаьттира, тІаккха цо элира, аьлла: **«ДІадаханчу шеран** (кегий) **къинош дІадоху цо».** *Муслим.*

Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Нагахь санна со тІедогІучу шаре валахь, мухьаррам беттан уьссалгІачу дийнахь а марха кхобур ду ас».** *Муслим.*

Иштта ду шавваль беттан ялх марха кхабаран дозалла а. Цуьнан дозалла билгалдина вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен хьадисехь. Абу Айюба аль-Ансарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рамадан бутт кхаьбна, цул тІаьхьа шавваль беттан ялх марха кхаьбнарг – дерриге шо кхаьбначух терра ву».** *Муслим.*

Марха кхабаран суннатех ду, хІора беттан кхо де кхабар. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Сан доттагІчо** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **соьга весет дина кхаа хІуманца, ас сой валлалц уьш дуьтур**

**доцуш: хIора беттан кхаа дийнахь марха кхаба, аьлла; ши ракаIат духьа-ламаз де, аьлла; витр ламаз ца деш дIа ма вижа, аьлла».** *Бухари.*

Абу Дардаа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Суна дукхавезаш волчо** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **соьга весет дина, сой мел веха аса уьш дуьтур доцчу кхаа хIуманца; уьш ду: хIора беттан кхаа дийнахь марха кхабар а, духьа-ламаз дар а, витр ламаз ца деш дIа ца вижар а».** *Муслим.*

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIора беттан кхаа дийнахь марха кхабар – иза ерриг а зама марха кхобуш яккхар ду».** *Бухари, Муслим.* Цхьадолу дийцарш даьхкина, и кхо де – хIора беттан кхойтталгIа, дейтталгIа, пхуьйтталгIа а денош ду аьлла, билгалдеш; царах кIайн денош олу.

## 14) Шен ваха аьтто баьлча, ХьаьжцIа воьдуш хилар

Делах кхоьруш волу бусалба стаг (динехь нисвалархьама) ХьаьжцIа ваха сатуьйсуш хуьлу. Ша оцу езчу меттиге ваха новкъавалале хьалха, хьаждаран белхаш Iамабо цо, царах цхьа а хIума кIел ца дуьтуш. ТIаккха иза хьаьждаран белхаш кхочушбан тIевирзича, цуьнан хьаж нийса а, кхоччуш а хуьлу. Иштта волчу бусалба стагана Ийманан марзо хаало, Исламан серлонга а волу иза. Цул тIаьхьа, шен хьаж къобал а хуьлий, цIавоьрзу иза шен махка, шен доьзале, - нанас дена винчу дийнахь санна къинойх цIанвелла а волуш. Цуьнан ийман совдолу, дуьненан массо а маьIIера, оцу меттехь бен шена кхин гур боцу, тайп-тайпана беснаш а, меттанаш а долу бусалба нах, ХьаьжцIенна тIаваф деш, лаббайка олуш, Дела хьехош а шен бIаьргашца гича.

## 15) Шен ваха аьтто баьлча, Iумрате воьдуш хилар

Делан омранна муьтIахь волчу бусалба стага диц ца до, шен аьтто балахь кхийолчу хенашкахь, къаьсттина мархин баттахь, Iумрате вахар. Цуьнан бахьана ду, мархин баттахь дина Iумрат, Делан Элчанца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьаьждарх терра, мела хиларехь деза хилар. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Мархийн баттахь дина долу Iумрат** (ял хиларехь) **- хьаьж санна деза ду** (я соьца цхьаьна дина хьаьж санна деза ду)**».** *Бухари, Муслим.*

**16) Къуръан дукха доьшуш хилар**

ХIокху дезчу дарже кхачархьама, бусалба стага шен дахар Къуръанан Iиндагlехь дIахьо, цо иза дукха доьшу, цуьнан маьIнийн ойла а еш, Делах кхерарехь сов а волуш. И Къуръан дешарна къаьсттина хенаш билгалйо цо, кхиболчу белхех мукъа а волий, ша кхоьллинчу Деле воьрзуш, Цуьнан къамел доьшуш, и бахьанехь доьшучун синкхетам цIанлуш а, цуьнан дог паргIат а долуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дела хьехорца дегнашна паргIато хуьлу».** *«Ар-РоIд», 28.*

Делах кхоьруш волчу бусалба стагана кхачаме ма дара, Къуръан доьшуш волчу бусалба стеган – Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен куц билгалдина волчу – хазчу аматашка хьажар. ТIаккха цо шен денош а, буьйсанаш а Къуръан доьшуш, цуьнан беркатечу маьIнийн ойлаеш йоккхур ю. Абу Муса аль-АшIарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къуръан доьшуш волчу бусалба стеган масал исбаьхьачу стоьмах тера ду, - шен хьожа хаза йолчу, шен чам а хаза болчу. Къуръан доьшуш воцчу бусалба стеган масал якъийначу хурманан масалх тера ду, - шен хьожа йоцчу, шен чам мерза болчу. Къуръан доьшуш волчу мунепакъан масал райхьанатан масалх тера ду, - шен хьожа хаза йолчу, шен чам къаьхьа болчу. Къуръан доьшуш воцчу мунепакъан масал хьанзалат олучу кулан масалх тера ду, - шен хьожа йоцчу, шен чам къаьхьа болчу».** *Бухари, Муслим.*

Абу Умамата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Аша Къуръан деша, баккъалла а, иза къематдийнахь, ша дешначунна шафаIат а деш, догIур ду».** *Муслим.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Говза а волуш, Къуръан доьшург – иза дика, сийлахь долчу маликашца хир ву. Шена хала а долуш, и ша доьшучу хенахь тийса а луш доьшучунна - шиъ ял хир ю».** *Бухари, Муслим.*

Ткъа хIара дозалла шена девзинчул тIаьхьа, бусалба стаг муха хIуттур ву Къуръан дешар, цуьнан маьIнийн ойлаяр а кхидIа тIаьхьатетта?!

Иштта ву-кх, хила ма-веззара волу бусалба стаг, шен Делаца йолу юкъаметтиг ларъеш. Цуьнгахь цIена, кIорггера ийман хуьлу, иза даима а дика Iамал еш хуьлу, шена Дела резавар лоьхуш, ша Цуьнан лай хилар чIагIдеш а

волуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Жинаш а, адамаш а кхоьллина ма дац Аса, цара Суна Iибадат дан дезаш а бен».** *«Аз-Зарият», 56.*

Веза-Сийлахьчу Дала, Шех кхера ма-дезза кхера а, билла ма-беззара Шега болх билла а, Шех теша а, Ша резаволчу некъа тIехь Iамалъян а хьекъал, ийман, кхетам а лойла вайна!

ХIоттийнарг – Алиев Биксолтин Ахьмад

Рецензенташ – М. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов